

SUSUNAN TEKS KAWIH MISA

BUBUKA

DI PAYUNEUN ALTAR SUCI

Di payuneun Altar Suci	3
Umat sami ngiring kurban	5
Disarengan ikhlas hate	5L
Mugi tiasa kamanah	5
Katampi ku Allah Rama	5
Ngahaturkeun timpah nuhun	5
Kana kamirahan Allah	3

PANYELANG AOSAN

DAWUHAN GUSTI (GAYA)

Dawuhan Gusti nu Maha Agung	5
regepkeun ka sadayana	1
patrikeun na ati sanubari	5
nyaangan manah nu susah	1
keur obor nu buntu laku	2
niiskeun panasna ati	4
nguatkeun nu taya daya	3
ku kersana maha suci	4

BABAkti

TINGALI ROTI SARENG ANGGUR

Tuh tingali roti disemplekan	2
Ku pangersa Gusti teras diduumkeun	5
Salira Kristus di luhur altar	2
Tawis miemut ka pupusna Gusti	5
Najan urang seueur nanging janten hiji	2
Margi tuang roti nu sami	5
Yu urang hijikeun tari jeung kawih	2
Margi diangkir di Pesta suci	5

Tuh tingali anggur na piala	2
Nu dileueut dina pesta ekaristi	5
Detih suci dina altar Gusti	2
Urang Nampi kahirupan sajati	5
Najan urang seueur nanging janten hiji	2
Margi tuang roti nu sami	5
Yu urang hijikeun tari jeung kawih	2
Margi diangkir di Pesta suci	5

DUH GUSTI ABDI KADUHUNG

Duh Gusti abdi kaduhung	3
hirup Kirang tata-titi	5
sok sering milampah dosa	3
ngarempak larangan Gusti	5
Mangga ayeuna sumeja	5L
disarengan sadrah ati	2
neda jembar panghampura	2
ti Kersa nu Maha Suci	5

Ku Jalaran sang Panebus	3
andi yakin lahir batin,	5
asal tobat ka Mantenna	3
tangtos Gusti mikaasih	5
ngahampura ka Umat-Na	5L
Dibarengan jangji patri	2
moal rek milampah dosa	2
seja silih pikaasih.	5

KOMUNI

SAUR AGUNG

Bingah ati mun gusti wawarti	2
Caang padang ku nampi piwulang	5
Gusti nayur abdi moal rek mungkur	2
Gusti ngankir diri moal rek mangkir	5L
Hirup bagja anu jadi paneda	2
Raos bingah sirna katugenah	5

Mega mendung dina ati liwung	2
Ombak motah 'na angen marudah	5
Sirna buyar henteu sakara-kara	2
Ku medalna gentra sara Pengersa	5L
Saur agung leubeut ku kayaktian	2
Jandong matih keur Nu kalempohan	5

KRISTUS TANDANG

Kristus tandang, Kristus meunang	5
Ngusir musuh umat Allah	3
Kristus jaya, unggul perang	3
Kiwari ngereh buwana	5L
Kabeh bangsa galumbira	5
Bebas tina panca baya	3
Kabeh bangsa munjung muja	3
Kristus Raja Maha Mulya	5

Gusti estu Mahaluhung	5
Ngungkulan kawasa dosa	3
Geus bray caang pangharepan	3
Keur mahluk nu ngandung wuyung	5L
Hayu batur pada ngawih	5
Rasa sukur heug kedalkun	3
Lagu gerakan gumbira	3
Dina ieu pesta paskah	5

SAMPURASUN (MIJIL)

Sampurasun nun amit pihatur	4
Abdi-abdi bingah	3
Reh jeng Putra lenggah janten imam	1
Nu baris ngaping sareng ngjaring	3
Maparin papandang jalan kabagjaan	4
Hayu batur hidep putra-putri	4
Urang ngadeuheusan	3
Ka Sang Putra, Imam di sawarga	1
Heug kedalkeun rasa suka ati	3
Urang sadayana nu baris diaping	4
Abdi-abdi para putra-putri	4
Sumeja dumeuheus	3
Ka Sang Putra nu kenging kamulyaan	1
Mugi Gusti ngikis nu kaasih	3
nyiram ku kanyaah ka abdi sadaya	4